**दिन–मंगलवार** **दिनांक–29.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पहलगाम आतंकी हमलाक बाद उत्पन्न स्थिति के देखैत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन आवास पर एक उच्च स्तरीय बैसार कयलनि। बैसार मे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल, रक्षा सेना–सीडीएसक प्रमुख अनिल चौहानक अतिरिक्त थल सेना, वायु सेना आ नौसेनाक प्रमुख लोकनि भाग लेलनि।

भारत पहलगाम आतंकी हमलाक मुद्दा संयुक्त राष्ट्र मे जोरदार तरीका सँ उठौलक अछि। संयुक्त राष्ट्र मे भारतक उप स्थायी प्रतिनिधि योजना पटेल आतंकवादी सभ के पाकिस्तान द्वारा प्रशिक्षण देब आ हुनका धन उपलब्ध करेबाक संबंधी पाकिस्तानी मंत्रीक कबूलनामाक सेहो उल्लेख कयलनि। सुश्री पटेल पाकिस्तानक रक्षामंत्री ख्वाजा आसिफक हालहि मे एक टेलीविजन मे देल गेल साक्षात्कारक उदाहरण दैत कहलनि जे पाकिस्तान आतंकवाद के प्रश्रय दऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि साक्षात्कार मे आतंकी गुट के समर्थन, प्रशिक्षण आ धन उपलब्ध करेबाक संबंधी पाकिस्तानक इतिहास के लऽकऽ ओहि ठामक रक्षामंत्रीक कबूलनामा पूरा दुनिया सुनलक अछि।

---

राज्यसभा मे विपक्षक नेता मल्लिकार्जुन खड़गे आ लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी पहलगाम मे भेल क्रुर आतंकी हमला के नजरि मे राखि संसदक विशेष सत्र बजेबाक मांग कयलनि अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के लिखल अलग–अलग पत्र मे दुनू नेता आग्रह कयलनि अछि जे राष्ट्रीय एकता आ संकल्प के प्रदर्शित करबाक लेल दुनू सदनक विशेष सत्र जल्दीए बजाओल जाय। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो संसदक विशेष सत्र बजेबाक मांगक समर्थन कयलनि अछि।

---

इंडियन प्रीमियर लीग क्रिकेट प्रतियोगिता मे समस्तीपुरक वैभव सूर्यवंशी के शानदार प्रदर्शन के लऽकऽ पूरा प्रदेश खुशी मे डूबल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार वैभव के एहि शानदार कामयाबी पर प्रशंसा करैत दस लाख टाका ईनाम देबाक घोषणा कयलनि अछि। विदित अछि जे वैभव काल्हि राजस्थान रॉयल्सक दिस सँ खेलैत गुजरात टाईटन्सक विरूद्ध एक सय एक रनक विस्फोटक पारी खेलि कऽ टी–ट्वेंटी क्रिकेट मे इतिहास बनौलनि। चौदह वर्षक वैभव आईपीएल क्रिकेट मे शतक बनाबयवला सभ सँ युवा बल्लेबाज बनि गेलाह। वैभव के एहि सफलता पर हुनक पैतृक जिला समस्तीपुर मे जश्नक माहौल अछि। स्थानीय सांसद शांभवी चौधरी, विधायक अख्तरूल इस्लाम शाहीन, हुनक कोच ब्रजेश कुमार समेत आनो गणमान्य लोक वैभव आ हुनक परिवार के बधाई देलनि अछि।

———————————————————————

उप मुख्यमंत्री सह कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा हाल मे प्रदेशक विभिन्न भाग मे आयल अन्हर, असामयिक बरखा आ ओलावृष्टिक कारण किसानक फसिल के भेल क्षतिक आकलन करबाक निर्देश अधिकारी लोकनि के देलनि अछि। उप मुख्यमंत्री सभ जिलाक जिला पदाधिकारी सँ फसिल क्षतिक प्रतिवेदन उपलब्ध करेबाक लेल कहलनि अछि। ओ कहलनि जे फसिलक क्षति सँ प्रभावित किसान के हर संभव मददि देल जायत। एम्हर, सुपौल, नालंदा, समस्तीपुर, गया, मधुबनी, नवादा, मधेपुरा आ बेगूसराय सँ उनचास सय हेक्टेयर सँ बेसी क्षेत्र मे तैंतीस प्रतिशत सँ बेसी फसिलक क्षतिक रिपोर्ट आयल अछि। एहि लेल आठ करोड़ उनचालीस लाख सँ बेसीक क्षतिपूर्तिक अनुरोध कयल गेल अछि। आपदा प्रबंधन विभाग उक्त राशिक मांग कयलक अछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा आइ पटना मे कहलनि अछि जे विधानसभा चुनाव के लऽकऽ एनडीए के सतर्कता सँ निर्णय लेबाक चाही।

———————————————————————

सीपीआई मालेक महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य कहलनि अछि जे विधानसभा चुनावक नतीजाक बाद महागठबंधनक मुख्यमंत्री तय कयल जायत। ओ पटना मे कहलनि जे महागठबंधन के बहुमत आओत तऽ सभ सँ पैघ दलक नेता मुख्यमंत्री हेताह।

———————————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे प्रदेश मे अगिला तीन मास मे सत्ताईस हजार सँ बेसी आशा कार्यकार्ताक चयन कयल जायत।

———————————————————————————

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय दू वर्षीय बीएड आ शिक्षा शास्त्री परीक्षा मे नामांकन लेल अट्ठाईस मई के होबयवला संयुक्त प्रवेश परीक्षा लेल आवेदनक समय सीमा मे विस्तार कयलक अछि। आब अभ्यर्थी तीन अप्रील धरि आवेदन कऽ सकैत छथि। विलंब शुल्कक संग पाँच मई धरि आवेदन कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

शिक्षा विभाग शिक्षक लोकनिक सुविधा लेल ई–शिक्षा कोष पोर्टल पर शिकायत करबाब विकल्प उपलब्ध करौलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त